- Сыткlи сэщхь образ яхэтауэ зыкlсхуэщIэжыркъым, ауэ Тыргъэтауэ зыкlыхьэ зэрэгъэщхьыгъэ, итlанэ абы и дуней тетыкlэм хуэдэ силарэт, и хьэл-щэным щыщ схэльъэрэт жысlэу сехьуапсэрт. Уебгъэ зэрагъэлъагъуэ, ар дахэу зэрыгуэрэ спэгъунэгъу щIэхьуарт. Абы хуэдэу сызэлэжьарэ сызэщIэзыIыгъэрэ роль сиIакъым. Адыгэ лъэпкъым гуэл-лыуэ хуэмIэ, ныкlыбзэр зэрыщIэлъ жьыну хуей бзылъхугъэм и сит хуэдэ псалъэрэ сфIэдагъэхэт, сфIэжьупщафIэтэ, ар бзылъхугъэм я гугъэ нэхъ ящIэ. Ар ахуэдизкlэ си гум хэпщIащи, си телыдджэ гуэр кьэхьурэ «Тыргъэтауэр» ягъэуву я ролыр иджыри зэ нэхъ мыхьуми згъэзэщIэжарэт - ар си гурыIуб щхэущ, «Эдип» спектаклыр-щэ? Абы хэта Эпикастэ зыхэхуа гуауэщхэр, абы кьызыкlуиха кьаурр... Мис апхуэдэ ролхэращ сфIэфIыр. Пкъы зыщIэтхэрщ, Iущагъ, гугъ

Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ ЖьакIэмыхъу КIунэ

Зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ

РОСТОВ дэт театр училищэр кIуихыу адыг э труппэм зэрыхьхьэрэ, ЖьакIэмыхъу КIунэ Хьэжбарэ и пхъум лъэпкъ театрым и сценэм адыгэ, классикэ, иджырей урыс, советскэ, хамэ къэрал драматургием щыщ пьесэхэм кIыхьращIыкIа спектаклхэм зыкIи зэмыщхь роль куэд щигъэзэщIащ.

КIунэ и гъуаждэр лъэныкъуэ куэдкIэ зэпэщIыкI. Абы и творческэ хьэтIым щэху куэд хэлъщ, и дэтхэнэ образри художествэ и лъэныкъуэкIэ нэщыса ищIу. Абы макъ дахэ иIэщ. Арац и псэльэкIэр гъэхуа зыщIыр, актрисэр зэрыхуа щытыкIэр и манысмкIи кIыщIигъэльэгъуфыр.

Сыт хуэдэ сэфэтми гугъу демыхьу ихьэф актрисэм театрелпIхэм щэч кIыртрамихьэжу я фIэщещIыф ар щыджэгу сценэр гъащIэм кIыщIыхьуу. Псальэм кIыдзкIуэу жыпIэмэ, апхуэдэу дахэу игъэзэщIа ролхэщ Островский Александр и «Горячее сердце», «Пощадная любовь» пьесэхэм хэтхэу Паращэрэ Людмилэрэ, Вольтер Франсуа-Мари и «Магомёд» пьесэм хэт Пальмирэ, Айтматов Чингиз и «Материнское поле» пьесэм хэт Алиман, Шолохов Михаил и «Поднятая целина» пьесэм хэт Лушкэ, нэгъуэщIхэри.

Образым щелэжьыкIэ КIунэ кьигъэсэбэн Iэмалхэр хуабжьу зэмылIэужьыгъуэщ, абы кьыдэкIуэуи зэчийкIэ гъэнщIащ. Абы и творчествэр адрейхэм кьащхьэщызыгъэкIыр и репертуарыр жанркIи, зытеухуа IуэхугъуэкIи зэрыхэмыщхьырщ. Ауэ кхьхэгъэщIпхъэщ абы и екъулIэныгъэ нэхъыфIкIэр кхыпIэкIуар иджырей урыс драматургием хэт образхэр зэрыраР.

Иджыпсту КIунэ адыгэ драмэ театрым и труппэм хэтхэм ящыщу нэхьыфIу яльагъуэм хабжэ. Абы и гуэлджэр зыхуэдэ щыIэкъым. Си фIэщ мэхьу абы кьеплъыну кьакIуэкIэр иджыри мыхъ-мытIэу зэгурIыгъуфIэнур.

ЧЕРКАССКИЙ Эмиль, *театр критик.*

Сценэм къыхуалъхуа

ЖЬАКIЭМЫХЪУ КIунэ зэчиншхуэ бгъэдэлъу Тхьэм кьигъэщIа актрисэщ. Театрым и сценэм кьыхуалъхуауэ фIэкIа кьыслъыхуркъым ар. Щыхъм зэрепсэльэн бзэ дахэ зиIэ, гуапагъ зыбгъэдэлъ КIунэ псом хуэмыдэу къехъулIэр трагедие ролхэрщ. МащIэщ зи нэпсхэр зыхуэуфыдыр ар сценэм щитым деж.

ІутIыж Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэм апхуэдэу екIуу роль нэхъыщхьэр щызыгъэзэщIэн нэгъуэщI бзылъхугъэ кьэгъэтыгъуейт. А образымкIэ КIунэ кьигъэуIэбжьат москва театрелпIхэр, критикхэр, литературоведхэр.

ЕФЭНДЫ Джылахьстэн,
РСФСР-м ГъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Налшык къалэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

И цIэмкIэ сыщеджэ къохъу

СИ АНЭМ и Iэщlагъэм сызэрыщIыкIуэр сехъуапсэрэ икIи сыдихьхырт. Нэхъ сыкьыдэжIуэтеяуэ ар кьыхъхьыщ щыжьиCIэм, Iэщlагъэм пылъ жэуапынытгъэмрэ и гугъуатгъымрэ кьызгурIуэгъэIуэнужь итащ мамэ. Арщхьэкlэ, апхуэдизкIэ сигу кIэрыпщIат актер лэжьыгъэми, нэгъуэщI Iэщlагъэ сыхуедэжэу си нэгу кьыхсхуцIэгъэхьэртэкъым.

Школыр къыщIызуха ильэс дыдэм, Щукиным и цIэр зезыхьэ театр училищэм щIэтIысхьэнухэр кьыхахьму зэхэсри, сыкIуащ, гугъуехь гуэри хэмылту сыкъащтащ. ЕджапIэр къэзухри, занщIэу дзжьэм щIэздащ. Пэжт мамэ жиIар - гугъут Iэщlагъэр. Ауэ гумрэ псэмрэ фIэфIу кьыхэпхамэ, уфIэгъэщIэгъуэну улажьэмэ, къохьэлъэкIыркъым. Si спектаклым сыт хуэдизэманкIэ уелэжьами, цIыхум я пащхьэ уиту Iэгуауэ щыпхуаIэтам и деж пщогъупщэж абы гугъу узэрыдекъар.

ЖьакIэмыхъУ КIунэ си деж-кIэ япэрауэ, анэ гумащIэщ, цIыху зэпIэзэрыпщ, гулъытэщхуэ зыхьлъ инигуащIэ. Сымым деж щIэ гуэр кьыхэрищIэным хущIэкъуу, а зригъэщIамкIэ кьыбдзгъашIэу апхуэдэщ.

Утыкум диту дыщыдзэдлажьэкIэ, ди эхуаку дэлъыр адрей ди лэжьигъэхъэм дэрэ ди зэхущытыкIэм хуэдэщ. Уеблэмэ, мамэ жьымыIэу КIунэкIэ сыщеджэ кьохьу. Удлэжьэну тыпш дыдэщ, и гъсэу сценэм удитыну гугъэпсэхущ.

Дэтхэнэми и кьалэныр нэгъэсауэ зэрагъэзэщIэным нужь итщ актерхэр. Мамэ сэрэ щхьэж и щхьэм щхьэкIэ зыщIэрыпIейтейм хуэдэу, зыр зым дыхьуогузавэ. Мис а зымкIэ кьыщIэкIынщ дызэрыгъанэхэпхьыр лэжьапIэм дыщыщIэм деж къызэрыдгъэлъагъуэр. Куэдрэ кьохьу дгъэзащIэ роль ельытакIэ дыщызэпэщIэувэ, мыхьумыщIэ гуэркэр щызэтпэ. Зэанэхэпхьу дыкьэзыщIэхэм ар ягу зэрыримыхьыр кьыщIиджаIэ щыIэщ, ауэ апхуэдэхэм ящIэну сыхуейт ар ди лэжьыгъэу зэрыщытыр, сценэм щыдгъэлъагъэ кьудей мыхъуми, апхуэдэ хьэл зэрытхэмылыр.

Зы унэ дыщыщIэскIэ, абы и жьауэм сыщIэту сыкъыщыхьуакIэ, дауи, мамэ срещхьщ, ди Iуэху епIыкIэхэри, гупсысэкIхэри щызэхэхуэну нэхьыбэщ. Сыт щхьэкIэ? Си анэр нужь итщ ди гъащIэм кьыхьхьэ сыт хуэдэ IуэхугъуэщIэри кьызэрищIэным, абы зэрыдгригъэкIуным. Абы кьыхэкIкIэ, анэ кьудей мыхъуу, икIи си ныбжьэгъуу жыпIэ хьунущ ар.

Мамэ дэтхэнэми зэрепсэльэн бзэ кьегъуэтыф, чэнджэщкIэ псоми ядогуэшэф. Уеблэмэ, сэ сфIэгъэщIэгъуэнщ иджыпсту иригъаджэ цIыкIуэм зэрахущытыр. Актер Iэзагъым зэрыхунгъасэм ирмыщI, абыхэм сыт хуэдэ упщIэ яIэми мамэ деж кьопсалъэхэр, кьочэнджэщхэр. Езыми фIэфI дыдэщ а цIыкIуэм ядэIэпыкъуну, лъагъуэ пэжым тригъэувэну, ищIинну.

МЫСОСТЫШХУЭ Марин.

«Смотрите, кто к нашим» спект аклым хэтщ Токъуий Хьусенрэ ЖьакIэмыхъу КIунэрэ. *1984 гъэ*

«Злой дух» спектаклым хэту. *1973 гъэ*

«Орёл и орлица» спектаклым щыджэгу. *1987 гъэ*

«Гущэ я бгъэм» Лу Рэмэзан и гъ усэу щIэж э пу.

Зи Iэщlагъэр гурэ псэкIэ къыхэзыха

ЗЫКIИ егъэлея хъунукъым, ЖьакIэмыхъу Хьэжбарэ ипхьу КIунэ ди театрым зэрыщылажьэм хуаужьу дыдэзыригушхуэр жысIэмэ, КIунэ сыт хуэдэ ролри екIуу, кьызыхуэтынщэу зыгъэзэщIэф актрисэщ. Абы кьохьулIэ комедиери, драмэри, трагедиери. А жанр псоми зэрыщыпашэр утыкум щигъэлъэгъуэну хунэсащ зи гугъу тщы бзылъхугъэр.

Апхуэдэ зэфIэкI зиIэ лэжьэгъум дауэ уримыгушхуэнрэ?! Актерыр щыхуфэм яцIыхун хуейщ, фIыуэ ялъагъупхьэщ. УкъамыцIыхуэмэ, фIыуи укъалъагъунукъым. ЖьакIэмыхъу КIунэ адыгэ лъэпкъым фIы дыдэу ильагъу, театрым и актер нэхъ жыдкэр дыдэщ. КIунэ сыт хуэдэ ролри егъэзэщIэф, мыхьэнэншэу кьилъытэу, зыри Iуигъэкlуэтырэкьым. Мис ар и хьэл нэхьыфI дыдэхэм ящыщ.

Гурэ псэкIэ зи Iэщlагъэр кьыхэзыха цIыхурщ ЖьакIэмыхъу КIунэ хуэдэу лэжьэфынур.

ШЫБЗЫХЪУЭ Басир,
УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист, Щоджэнцыкъу Алий и цIэр зезыхьэ Къабардей драмэ театрым и художественнэ унафэщI.

Щlэблэм я уэзэщlакIуэ

ЖьакIэмыхъу КIунэрэ актер Iэщlагъэм зыхуэзыгъаса Аброкъуэ Олесэрэщ.

БЗЭР ЩТАУЧЩI, псалъэр мафIэчщ жьыхуэIэращ. ЖьакIэмыхъу КIунэ хуэстхауэ щытахэм къыпIэощэ. Тёмыркъан Людмилэ зи унафэщI, сабийкэр гъуэзджэм щыхуагъасэ ешанэ еджапIэм КIунэрэ сэрэ илъэс зыбжанэ хуауэ дыщызэдолажьэ. Уасэ зимыIэ дерсхэр яриту, ЖьакIэмыхъур сабийкэм яхэтщ. КIунэ игъэлажьэ театр кьудамэм артист Iэщlагъэм и щэхухэм цIыкIухэр щыхуеГъасэ. Дыщылажьэ пэшхэр кIуэцIрыкIыбжэкIэ зэпхащи, тхьэмахэхэм плIэм тхуэи дызэхуоэз абырэ сэрэ. Гъэщlагъэуэнышцэщ КIунэ зэрылажьэм укIэлъыплIынэу. Гухэхъуэщ. Анэдэлъхубзэм и Iэфlыпlэр нэхъри зыхьыеГъащIэ. Сабийкэр игъэджэгум-игъэджэгуурэ, езыри образым йохьэри, нэкIущхьэплъ къэхъуауэ, КIунэ и театрым щIедзэ... Зэм Бадзэ-Шокотуэку мэджэгу, зэм Аргъуеийщ, зэм Шыкъумцийищ, зэм нарт лIыхъужьщ, зэм Пушкин Александр е Лермонтов Михаил я усэхэм кьоджэ, зэми зауэ лыгъэйм пхыкIа зауэлIщ. Дэтхэнэм и цIэр кьипIуэн. Гъэщlагъэуэнракъэ, ешкъым щылажьэкIэ, сыхьэт бжьгъэм зыдицIыкъым, зэманым ешым зыкъыдещI армыхъунэ. Псалъэзэр зырызыххэу «игъэныщкIуурэ» сабийхэм яжьэделъхьэ. КIунэ щылажьэкIэ, и адыгэбзэри, урыСыбзэри зэхуэдэщ. ТIури фIы дыдэу кьегъэIурыщIэ. Зэззмызз сыкъыщIыгузавэ щыIэщ, ярэби, мы КIунэ и зэчий лъагащэр щIыкIуэм яхуэIэтыну пIэрэ, жысIэу. Сегупсысын сымыкъ щыкIэ, цIыгушыру жаIэу цIыкIуэм я макъ жьгъыруэрэ кьызэрошажьэ, джэдкъуртым и джабэ хуабэм къыкIыщIэ-пщхэу дыгъэпсым кьыкхэльэда джэджьейуэ. Зы удзыпIэ цIыкIу зэпаубыда хуэдэу, зым и псальэр адрейм кьыIэпех. МэпкIатэ-мэпьатэ, дуней гуфIэгъуэр яIэу мэджэгу.

- ЩIэныгъэр лъащIэншэщ, гъэсэнэгъэр пIалъэншэщ, - жиIакъэ адыгэм. Сыту куэдыщэ пхущIэну, сабий гъэсэным, егъэджэным ЖьакIэмыхъум хуэдэу убгъэдыхьэмэ. Игъэхьэзыр теплъэгъуэхэм макъамэ щIэтIхуэгъэм, артист ныбжьыщIэхэр хуэпэн хуейми, КIунэ гулъытэ зыхуимыщIу зыри къигъанэркъым. Къуажэ пхыдза нэгъунэхэм кьыхуэрааш абы сабий. Адэ-анэ псоми ди быныр артист тхуэфщI, жаIэу кьытхуащэркъым. Хэт езым и щIалэгъуэм зэхъуапсэу щIатуэ кьемыкъулIаХэр и сабийм хильхьэну хэтщ, язныкьуэ цIыкIуэр джэгуну, зыкъэгъэльэгъуэну хуоIэ. ЖьапIэнурамэ, наIуэу зэчий зыбгъэдэлъ куэд яхэтщ абыхэм. ЦIыхуэхм яхьыхьамэ запIытIзахуэу щыжьытын щхьэкIэ къагъакIуэхэри щыIэщ. Я сабийр езыгъэджэнур ЖьакIэмыхъу КIунэу зэрыщыт къудейм щхьэкIи куэдым я быныр кьашэ мы

еджапIэм. Шэч хэмыльу, ЖьакIэмыхъум уригъэджэну насыпышхуэщ. Ар ящыщщ псальэм макъамэ суроти щIэзэлъхьэфхэм, хуабагъэ хэзылъхьэфхэм, плъыфэ кьыщIэзыгъэльэдэфхэм.

Иджыблагъэ интернетымкIэ сыпсалъэу сызэдзащIэщхэу КIунэ ныщIохьэ. Си псэлъэгъуэм КIунэ сызэриГъуэсэр зэрыжесIэу, суроти зыбжанэ кьрелъхьэ интернет напэкIуэцIыным. 2006 гъэм Тыркуем фестиваль щыщкIуэкIам щыгъуэ гъэсэнэгъэр пIалъэншэщ, - жиIакъэ адыгэм. Сыту куэдыщэ пхущIэну, сабий гъэсэным, егъэджэным ЖьакIэмыхъум хуэдэу убгъэдыхьэмэ. Игъэхьэзыр теплъэгъуэхэм макъамэ щIэтIхуэгъэм, артист ныбжьыщIэхэр хуэпэн хуэпэн хуэжьыджэру, и адыгэбзэ щэрыуэр игъэбзэрабзэу, и чэнджэщ IуцjхэмкIэ кьыддэгуашэу. Сохъуэхъу иджыри куэдрэ кьытхэтыну, спектакль гъэщIэгъэнэхэм дыщызэдэджэгуну.

Мы усэ кIэщI цIыкIури КIунэ хуэотх:

Ей, гъуэрыгъуэ щэнту ди гъащIэ,
ЩIэфиихьыжу жьыгъэр къэзыхь,
СыщIумыгъаплъэу нобэ уи лъащIэ,
Мы дунеижьым къыщызгъэкIухь.

ЛЫКЪУЭЖЬ Нелли.

Зи анэдэлъхубзэр шэ—рыуэ

ЖЬАКIЭМЫХЪУ КIунэ и лэжьыгъэкIи, и дуней тетыкIэкIи щапхъэ зытепх хъун цIыхуущ. АпхуэдизкIэ гумызагъэщIи, езым и роль нэхъыфI зэрыхъуум и закъэуэкъым зэгупсысыр, атIэ сценэм кьыдитхэми я джэгукIэм кIэлъопль, гу нэхъ зыльэтэн

Актрисэм деж

Ди Тхьэшхуэм сощIэр и захуагъэр,
Зым хуэзэу псори иримыт.
Акъыл хэт щощIэ, хэт дахагъэ,
Зэчий е пщIэ хэт имыгъэут.

Уэ сыпхуэзэхукIэ, а гупсысэм
КъыщIокIыр сэ сыщигъэуа,
Е хуэсщIыхури, мы си псэм
НэгъуэщI пэжыгъэ къихута?

ЩыIэщ насыпкIэ зыхуэхъуапсэу,
Дэ ди Тхьэм фIыгъуэ зыхуищIа:
«Вагъуэщ» щIыжаIэм и зы хъуаскIэ
ЖьакIэмыхъу КIунэ химыша.

КЪЭЖЭР Борис,
КъБР-м и цIыхубэ артист.

И анэ Сэлихьэт и бынхэмрэ къуэрылъхупхьурылъхуэхэмрэ и гъусэу. *1981 гъэ*

КIунэ. *1990 гъэ*

ЖьакIэмыхъу КIунэ, и щхьэгъусэ Мысостышхуэ Пщызэбий, япхъу Маринэ. *1985 гъэ*

Ипхъу Маринэрэ и пхъурылъху Адамир цIыкIурэ и гъусэу. *2006 гъэ*

Театргуащэ

ИСКУССТВЭМ укъыхъуалъхуауэ, абы урилажьэу, урипсэууэ щытынкIи насыпхъэ хьэмэ насыпыншагъэ? Абы зэхуэмыдэу жэуап ейт хъунущ.

Насыпщ, искусствэм фIэкIа нэхуи-напIи уимыIэмэ. Уигуури, уи псэри, уи зэманри абы тегъэпсыхьамэ. Искусствэм щыбгъэгурыгъуэхэм нэхъ гъэдэжьыщхуэ кьоЗыт щымыIэмэ. Псом ящхьэращ, ущIыбгъэхъэжьыкIын щхьэусыгъуэ имыIэу, уи гъащIэр абыкIэ нэсу гъэнщIа, из хьумэ.

Цыхур дэни щыцIыхуущ. Искусствэми. ЩIэныгъэми. Сыт хуэдэ лъэжьыгъэми. Дэтхэнэри псэуну хуейщ. Ехьжьа дыдэу мыхъуми, и щхьэм пщIэ хуищIыжьыфын, мыгъуагъэ хуимыкьыжьын хуэдэу. Арац, мис а ирыжьрэрщ, искусствэм укъыхуальхуныр зэрыпнасыпышхуэр пщIэ пэтми, «... хьэмэ насыпыншагъэ?» жыпIэу дыщIыбгъуну уигу къэзыгъэкIыр.

Искусствэм и лэжьакIуэхэр тевэвыкIыу щыпсэуа зэмани зыгъэпсэуа тепщэгъуи щыIауэ е щIэIэу кьыщIэкIынукъым. Ахэр игъащIэми ящыщщ нэхъыбэрэ ягъэхущхьэхэм, ягъэщатэхэм. IуэрыIуатэм и бзэкIэ жьытIэнщи, зи щатэжь мыгъуатэхэм, зи дзаижьжь мыхьжьхэм.

КъэхъукьащIэ щхьэхуэхэм щхьэкIэ зэманыр, гъащIэр кьызэрымыIыпIэм ещхьу, искусствэм зиужьыныр, Тхьэм и шыкуркIэ, зэи зэпыукъым, абы хуэпэж щIыхухэри я пкъыр щIэлэу тIысыжкъым.

Апхуэдэу искусствэм зи гур хуитхьэщIыкIахэм ящыщ кьудей мыхъуу, я нэхъ пажэ закьуэтIакъуэхэм яхохьэ адыгэ сценэр куэд щIауэ зыгъэбжьыфIэ, зэрыльэпкъыу фIыуэ кьаслIыху, кьалъагъу ЖьакIэмыхъу КIунэ.

Гугъущ КIунэ и IуэхущIафэхэм кIэщIу утепсэлъыхьыныр, сыту жыпIэмэ, ар иным кьыщынэжкъым - абрагъуэщ. УрипIейтейуэ, «Дауэ хьуну пIэрэ?» жыпIэуэрэ уригузавэ зэпэсту роли 120-м щIигъу мазэ бжьигъэкIэрэ бгъэхьэзырын, бгъэзэщIэн жьыхуэпIэр кьызэрымыкIуэу Iуэху гугъущ. Ар екIуэр-ещхьу, нэгъэсауэ зыхуэзэфIэкIа актрисэм, зигу ирихьхэм ди щытхъум и мызакьуэу, хуэфащэт театрхутэхэм я гулъытэ нэси.

Къеббжэкъыни ущIыщытхъуни и гъунэжщ КIунэ, спектакль мащIэм щыджэгуа, роль мащIэ игъэзэщIа, ари, и нэхъыбэм роль нэхъыщхьэ защIэу, кьарууи-псэрууи уиIэр зэхьэлIэн хуей ролхэу.

Дэ жьыдоIэ: амплуа щыIэ хьэмэ щымыIэ? Абы куэд щIауэ иризодауэ, ириздауэ щIэхъун щхьэусыгъуэхэри щыIэщ. АтIэми, нэхъыбэм шэч кьыртрахьэркъым амплуа зэрыщыIэм, актерхэм ящыщ куэдыр зы джэгукIэ гуэрым нэхъ хуэщауэ, тегъэпсыхьауэ зэрыщытым, а зытегъэпсыхьам кьытепшэ, апхуэдэхэр кьыпхуэмыцIыхужу кьаруущхьукIэ зэрыхьунум.

Дунейпсо театр искусствэм кьикIуа гъуэгуанэм ущриплъэжкIэ, кьыбощIэ, пасэм щыгъуэ амплуахэр абыхэм ятегъэпсыхьа актерхэм егъэбыдыIауэ, «трагик», «комик», «лIыхъужь» жыхуиIэхэм хуэдэу гуэщауэ зэрыщытар.

Актер искусствэм и зы апхуэдэ лъныкъуэр кьыпхуэIэтэмэ, абыкIэ нэгъэсауэ цIыхур кьыдэпхьэхьфрэ, ари фIы дыдэщ. Ауэ щыIэщ дэтхэнэ амплуами хьарзынэу изагъэ, сыт хуэдэ образми тыншу ихьэфактерхэр. Мис апхуэдэхэм ящыщщ ЖьакIэмыхъу КIуни.

Пэжщ, КIунэ «трагик» амплуам кьыхуигъэщIауэ жыпIэ хъунущ, абы щыхьэт техъуэ щапхъэхэри, зэрыжьтIауэ, гъунэжщ, ауэ... Ауэ дигу кьэдвгъэзэкIыжьт ар щыджэгуа комедие кьомыр, хьэлэмэтыщэу игъэзэщIа роль дыхьэщхьэхэр: «Яшэмрэ кьызыщхьэмрэ», «Гуащэ ябгъэ», «Гуащэдыщэхьэблэ», «Гущыlэ махуэ апщий!», нэгъуэщIхэри, нэгъуэщIхэри. Мыбыхэм КIунэ наIуэ я кьыщIищIащ, драмэр, трагедиер зэрызыхущIэм ещхьыркъабзэу, гушыIэри нэгъэсауэ кьызэрыгурыIуэр, дыхьэшхэну, абы щыгъуэми эстетикэм и хабзэхэм ящхьэпрымыбэкъукIыу щыхуэм зэрабгъэдилъхьэфыр.

КIунэ псом хуэмыдэжу кьоохьулIэ гупсысэ кууэр, узыгъэпIейтей, укъыпсэщIэзэзыIэтэ гурыщIэ инхэр кьэгъэлъэгъуэн щыхуей ролхэр, спектаклхэр,

Пьесэ зыттхэр арэзы дыщыгъуейщ. Куэдым гу зыльамытэ, кьрамыдэдэ щхьэусыгъуэщхэу иIэщ абы. Тхылымпlэ хужьым бгъэдэтIысхьэу мазэ бжьигъэкIэ, ильэс бжьыгъэкIэ пьесэм елэжь драматургым я кьигупсыс персонажхэр зэхъуэ игъэжьауэ матхэ. Арыншэу пьесэр пьесэ хьунукъым, псальэхэм я щыбагъым актерхэр щыбгъэджэгуурэ умытхэжи. Апхуэдэурэ зэIупща пьесэр, уи нэгу кьыщIэбгъэхьэурэ бжьигъэншэу «бгъэджэгуа» персонажхэр уи пьесэм кьыттращIыкIа спектаклым хьуымыгъуэтэжмэ, кьыщыщIыхуэмыщIыхужмэ, сценэм щыгIэпIагъур уэ уэзригутъэм жьыжьуи гъунэгъууи емыкIуалIэмэ, нэхъыщIэращ, емыфIэжIмэ, жыпIэ-жумыIэмэ, пфIэфI хьурыкъым.

АтIэми, кьохьу ар кьызыхэптхыкIа гупсысэхэм, гурыщIэхэм режиссерри актерри хьарзынэу щытехуэ. Псом нэхъыр нэхъыфIыжыр «Ар щхьэ сэ сигу кьэмыкIарэт?» - жыпIэу уэзэзыгъэупщIыж гъэщIэгъуэн, щIэ гуэркэр щыхалъхьэм, урагъэхъуэпсэжу щагъэувым, щагъэзащIэм деж щ. Мис апхуэдэ лъэкIыныгъэ зиIэ актрисэщ ЖьакIэмыхъу КIунэ. Ар ящыщкъым, я натIэ ирагъэкIын щхьэкIэ, кьиджэгун хуей тIэкIур кьиджэгуу сценэм кьыкIыжхэм. Апхуэдэр зэи и щхьэ трилъхьэнукъым КIунэ, сыту жыпIэмэ, и Iэщlагъэм хуэпэжщ. Абы фIы дыдэу ещI: гум кьыбгъэдэмыкIыр гум нэсынукъым, зумыгъэлIалIэу, кьыпфIэмыуэхуу, уигу хэмыхьэу сценэм унту зыбжанэрэ укьалъагъуэ, щIэх дыдэу театракIуэхэр пльыкIуэтынущ.

Театрым пщIащэу дыз эрыщыгъэ гу зылъытIахэм хохьэ мыри: ди актерхэм ящыщу анэдэлъхубзэр гъэхуауэ, ириджэгуу, удихьэхыу кьызыхуэгъэсэбэныр, текстым и «щIыфэр» зыхэзыщIыр, кьыхэгъэщхьэкуКIыпхьэмрэ «щIэбэзу» кьэнэн хуейхэмрэ зэхэзыгъэкIыфыр... кIэщIу жьыпIэмэ, ди бзэм и хабзэм тетрэ адыгэ гупсысжьэм тегъэпсыхьауэ текстым и архитектониксэр зэрыщытым.

Ар кьоохьулIэн щхьэкIэ, псом япэрауэ, бзэр пщIэ кьудей мыхъу, зыхэпщIэу, абы ухапIыкIауэ, псальэхэм я мыхьэнэ пажэхэм нэмыщIкIэ, текстым щагъэуэт мыхьэнэ гуэдзэхэри кьэпIэпхъэтэфу, псальэжьхэм, псальэ зэрыуэхэм кьарыкIымрэ я кьэхъуькIамрэ хьарзынэу ущыгъуазэу, сценэм щыжьыпIэ псальэхэм интонацIэ и лъэныкъуэкIэ ахэр тынщу хэбгъуэнэфу ущытхьэ хуейщ.

КIунэ хуэдэу ар кьыдэхъулIэ щыIэжьым, ар ящыщщ адыгэ сценэбзэм иIэн хуей культурэ лъагэм хущIэкъуэм, абыкIэ щапхъэ зытепх хьунуэм.

ІУТІЫЖ Борис,
УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.
1995 гъэ.

Илъэс 20 зэрырикъуар ягъэлъапIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КЪБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр хуагъэфэщащ республикэ Пенсэ фондым и унафэщIым и къуэдзэ Кьызий Хьэсэнбийрэ Iуащъхьмахуэ куейм щыIэ къудамэм и IэтащIэ Афашоковэ Фатiимэрэ. Республикэм и хабзэгъэув Iэнатiэм къыбгъэдэкIыу юбилярхэм ехъуэхъуащ ялэ вице-спикер Жаным Руслан икIи Парламентым и ЩIыхь тхылъыр яритащ КъБР-м щыIэ ОПФР-м и унафэщIым и къуэдзэ Дыкъынэ Заремэ, Пенсэ фондым и Iуэхущ1апIэу Май куейм щыIэм и IэтащIэ Иуан Маргаритэ.

УФ-м и Пенсэ фондым и щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр хуагъэфэщащ КъБР-м щыIэ къудамэм и лэжьакIуэ гупышхуэм. Абыхэм ящыщ Тэрч куей къудамэм и лэжьакIуэ Хъущ1 Раметэ.

Урысейм и Пенсэ фондым и къэпщытакIуэ комиссэм и унафэщI **Белистов Игорь** зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ, Урысей Пенсэ фондым и Iэтащ1э Дроздов Антон къыбгъэдэкI хъэхуэ тхылъыр яритащ икIи республикэм щыIэ къудамэр Iэнатiэ нэхъыфIэм зэращIыщыр кьиргъэлъэгуащ: «Фэ сыт щыгъуи фи лэжьэгъуэм япэ фитщ, проект гъэщIэгъэнхэр кьыхьволъхьэ. Псом хуэмыдэу фи ехъулIэныгъэхэр щыналIуэщ социальнэ политикэр Кавказ Ищхъэрэм щыпхыгъэкIыным теухуауэ зэфIэфх лэжьыгъэм», - жиIащ хьэщIэ лъапIэм.

Урысей Федерацэм Узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъыр яратащ КъБР-м щыIэ Пенсэ фондым и къудамэм и унафэщI Жылокьуэ ФатIимэ, лэжьакIуэ пэрытхэу Мэкъуауэ Ларисэ, Семеновэ Светланэ сымэ. «УФ-м и Пенсэ фондым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» бгъэхэIу дамыгъэр хуагъэфэщащ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Кулиевэ Мадинэ. Апхуэдэу щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр лэжьакIуэ гупым яратащ.

КЪБР-м и Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Черкесов Георгий** илъэс 20 зэрырикъуар зыгъэлъапIэхэм ехъуэхъури, я Iуэхущ1апIэм и щIыхь тхылъхэр яритащ Щэгуэмэ Хьэсэнбийрэ абы и къуэдзэ Бэлэтоковэ Владимиррэ. Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщ1экIэ ЗэщIэуэзда Къарурхэмрэ хабзэхъумэ Iэнатiэхэмрэ я ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Шыхьуэбах1уэ Мухьэмэд** нэхъыжьхэм хуащ1 гупылъэм папщIэ Пенсэ фондым и лэжьакIуэ гупым фIыщIэ яхуищащ икIи Зауэмрэ дзэ къулыкъымрэ я ветеранхэм я урысейпсо комитетым къыбгъэдэкIыу авиацэм и мастер, тIэунейрэ Совет Союзым и ЛIыхъжь Ефимов Александр и фэепль медалыр Щауэжь Хьэсэнбий хуигъэфэщащ.

Федеральнэ инспектор **Кануннков Владимир** Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъм и унафэщIэхэм я щIэкIэ юбилярхэм ехъуэхъуащ, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ Вербицкий Алексей и и хъуэхъум къызэхуэсахэм кахуеджащ.

АдэкIэ псалъэ зрата, республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт**, финансхэмкIэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Бышэн Азрэт** сымэ Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэр я Iэщ1агъэм хуэIэижьу, гущIэгъуныуэ зэрыщытыр, нэхъыжьхэм пщIэ зэрыхуащIыр кьыхагъэщащ икIи я министерствэхэм къабгъэдэкI щIыхь тхылъхэр лэжьакIуэ гупым яратащ.

Зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм хъуэхъукIэ зыхуагъэзащ Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ фондым и Iэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Кьанокьуэ Аслъэнбэч**, УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Бэрокьуэ Ахьмэд** сымэ. «Урысей пощт» федеральнэ Iэхущ1апIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Iэтащ1экIэ **Деваев Рэмзэан** Пенсэ фондым и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ я кьалэныр хьэлэлу зэрызэфIахым, зэрызэдэлажьэм папщIэ.

ЭЪРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

«Чегет» щызэхуоза

● ЩIэныгъэ

Ди республикэм иджыблагъэ щекIуэкIащ математикэмрэ нанотехнологиемрэ ехьэлIа къэхутэныгъэхэр езыгъэкIуэкI щIэныгъэлIхэм я дунейпсо конференц. Къэхутэныгъэ инхэмкIэ Урысей фондымрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зыкъыщIэкIа зыкъыщIагъакъуэу «Чегет» пансионатым къыщыхэзгъэпэща а зэхуэсым хэтащ ди къэралым и щIэныгъэлI пашэхэм нэмыщI, Къэзахьстэ аным, Узбекистаным щыщхэри. Псори зэхэту конференцым кьрихьэлIащ щIэныгъэ зэгухьэныгъэу 22-м я лIыкIуэхэр.

ДУНЕЙПСО зэхуэсым и мыхьэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ зи зэфIэкIрэ лэжьыгъэкIэ цIэрыIуэ хьуа Iэщ1агъэлIхэмрэ щIэныгъэм зиIэ лъэбакъуэ щызыч щIалэгъуалэмрэ я гупсысэжьмкIэ, Iэхуу еплъыкIэхэмкIэ, къэхутэныгъэщIэхэмкIэ зэрызэдзэгушIэр. Конференцыр кьыщIэзIуихым, ар кьыхиГъэщащ Къэзахьстаным и Лъэпкъ Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием я академик, Къэзахьстан Республикэм Егъэджэныгъэмрэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм кьепхауэ лажьэ физико-математикэ центрым и унафэщI, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Кальмеков Тынысбек**. Апхуэдэуи абы жиIащ зэхуэсыр Нэхущ Iэдэм, дуней псом щыщIэрыIуэ щIэныгъэлI щыпкъэм, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и къэзэгъэпэщакIуэр къыщалъхуа махуэм зэрырагъэхьэлар.

- Нэхущым и зэфIэкIэр дунейпсом щызэпIущIысащ, - жиIащ Кальменовым. - Къэзахстаным и закъуэ къыщIэтмэ, абы и гъэсэныгъэ цIыку 70 щопсэу. Абыхэм ящыщу 9-р щIэныгъэхэм я докторщ. Iэдэм и щIэныгъэ псалъэр жыжьэ зэрынэсым и щIыхьтIэ нобэрей ди дрезидиумым исхэм я нэхъыбапIэри абы гъуэгу тригъэувахэм зэрращыщри.

Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым и унафэщI **Нэхущ Викторие** конференцым кьекIуэлIаэр щыгъуазэ ищIащ зи пашэ Iэнатiэм иужьрей зэманым зыIэригъэхьа ехьулIэныгъэхэм, абы щызэфIаха къэхутэныгъэщIэхэм. Апхуэдэу абы фIыщIэ яхуищащ Iэдэм хуэгъэза псалъэ дахэхэр жызыIа псоми. ЩIалэгъуалэм защыхуигъаазэм, ахэр кьыхуриджащ Нэхущым зыхуиунэтIа лъагапIэх эм нэсыну.

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ иджырей гъащIэр ипэкIэ зыгъэкIуэтэну нанотехнологием щаIэ текIуэныгъэхэм. Ижьыкъ щIэныгъэлIхэм гупгупу загуэшри, зэпэщхьэхуэу лъэгапIэх эм нэсыну.

Конференцым щыкIуэкIу эу, щIипIэм щекIуэкIащ ШIДАА-м математикэмкIэ, нано-, информацэ технологиехэмкIэ и дунейпсо институтым и щIэныгъэ советым хэтхэм я зэIущIэ. Абы унафэ щащIащ кьыкIалыкIуэ щIэныгъэ зэхьхьэр 2011 гъэм и накъыгъэм Налшык щрагъэкIуэкIыну. Абы кърагъэблагъэну я мурадщ Италием, Германием, Инджылызым, Индием щыщ щIэныгъэлIхэр.

ХУЖЬ Наталье.

●Хъуэхъу

Дзэлыкъуэ куейм хьыхь Чыщалъкъ къуажэм щыпсэу Гугъуэтхэ Ахьмэдэ Зоерэ зэрызэдэгъуэр илъэс 50 ирокъури, дохъуэхъу

ПщIэ зыхуэтщI, фIыуэ тIащагъ папэ, мамэ, дадэ, нанэ Iуамахуэу ди нэхъыжьыфIхэ! ФызэгурыIуэрэ зызэхэфщIыкIыу ЗIущIыгъуэ ныкъуэ гъуэгуанэ кьызэдэфкIуащи, ди узынщагъэмрэ ди гуащIэмрэ мыкIуэщIу, дрэжэгъуэ фиIэу, быным, абыхэм я щIэблэм я насыпым фи псэр игъэгуфIэрэ фи гум ехуэбылIэу, гьашIэм и IофIыгъэ псори зыхэфщIэу, фызэкъуэту куэдрэ фыкъыщIхьащIыну, илъэсищ ныбжьым фанэсыну Тхъэм жиIэ!

Фи къуэхэу МуIэед, Мухьэд, Мартин, Ислъам, Заур, Замир, фи ныбжьэу Заремэ, ФатIимэ, Оксанэ, финхъу Мадинэ, фи малъхъэ Абыдэ Резуан, фи къуэрылъу-пхъурылъхуэхр.

Кърихьэлiа псоми яфIэгъэщIэгъуэну

●Щэнхабзэ

«Шапсыгъым и пшэплъхэр» гупым хэтхэр къоф.

КРАСНОДАР дэтщ Адыгэ щэнхабзэм и Iэхъуэ1апIэ. Абы кьызэригъэпэщащ нэгъабэ ящэ екIуэкIат «Нартхэм я мафIэр зэи иремыужьых» щIалэгъуалэ фестивалыр. Кубаным, Адыгэ Республикэм щыщ ныбжьыщIэ зэчиифIэхэр зыхэта зэхьыхьэм и мыхьэнэр кьаальытэри, ар илъэс кьэс ирагъэкIуэкIыну унафэ я кьащтащ. Краснодар кьалэм, Шапсыгъым, Армавир щыIэ Адыгэ Хасэхэм нэмыщIауэ, мы гъэм екIуэкIа фестивалыр кьызэгъэпэщыным хэлIыфIыхьащ щIыналъэ кьэрал кьулыкъущIэхэри.

- Фестивалыр ТIуапсы щедгъэкIуэкIыну мурад щIэтщIар иджыблагъэ абы гузэвэгъуэ кьызэрыщыхъуарщ, - жиIащ Адыгэ щэнхабзэм и Iуэхущ1апIэм и унафэщI, Кубань щIыналъэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Шамэ Сафиет. - Псыдзэ зыщIэуа жылагъуэм я Iуэхур ящыдгъэпсынщIэну ди мурадт. Апхуэдэ гуаузэм псори дызэкъуэтузэн хуейщ.

Фестивалыр кьызэрагъэпэщыным текIуэдар махуэ бжыгъэщ. ТIуапсы район администрацэмрэ абы щэнхабзэмкIэ и кьудамэм и унафэщI Ачмыжь Анатолэрэ я фIыгъэкIэ, зэIущIэр щекIуэкIащ зи ужьыкIэ. Абы кьызэригъэпэщащ Iуэхущ1апIэ. Щэнхабзэм зы утыкур нэхъыфIу кьаальытэу кьалэм дат ЩэнхабзэмкIэ унэм. ЦIыху 500 зыщIэхуэ пэшышхуэм зэхьыхьэм кьрихьэлIахэр щIэз хъуат.

Фестивалыр кьызэIуатхащ Iуащъхьмахуэ» (Краснодар) ансамблым игъэзащIа «Убых къафэмкIэ». КъыкIэлъыкIуэу утыкур хуэмыдэу Адыгэ Армавир щыкIа хьэщIэм - Сэлам», «Легенда Кавказа» къэфакIуэ гупхэмрэ уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэу Червоннэхэ Заремэрэ Маргаритэрэ. Адыгейск кьалэм щыщхэу Абыдэ Артуррэ ТкъэгъэпсэУ Байзетрэ, «Шапсыгъ пшэплъхэр», «Багъуэбэ», «Къурш бынхэр», «Псынэпс», «Дыщэ къамэ», «Кавказ» сабий ансамблхэм, уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэу Нэгъукiэ Алинэрэ Щамилрэ.

- Ди ТIуапсы дызэрыщыпсэурэ куэд щIакъым, - жаIэ зэхьыхьэм кьрихьэлIа зэщхьэгъэгъуэхэу Фатеев Алексейрэ Нринэрэ. - Мы щIыпIэм и тхыдэр тфIэгъэщIэгъэнщ. Ар адыгэхэм куэдкIэ епхащ, кьалэм и фIэщыгъэцIэ дыдэм адыгэ гъабжьэ иIэщ. Абы кьыхэкIыу фестивалым дыкъэмыкIуэн тIъэкIакъым, щэрджэсхэм я щэнхабзэр зыхуэдэр зэдгъэпъагъуну дыщIэхъуэпсырти. Хуабжьу дигу ирихьащ лъэпкъ фащэр, макъамэхэр, кьафэхэр, нэхъыщхьэращи, зи блэкIар зыфIэгъэщIэгъуэн, я щэнхабзэм дихьэх ныбжьыщIэ зэчиифIэ куэд зэрыщыIэр гуапэщ. ЦIыхухэм я кум зэгурыIуэ, мамырыгъэ, пэжагъ дэпыным кьхуэхъуэ зыжьэуэ Нарт лIыхъужь эпосми дыдирихэщ, - кьыхагъащащ адыгэхэр.

НЫБЭ Анзор.

Червоннэ Маргаритэ *(Краснодар)* **уэрэд жеIэ.**

Армавир щыщ «Сэлам» ансамблыр екIуу утыку къихьащ.

Нэхъыжьми нэхъыщIэми задрегъэкIу

●Щапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ къуажэхэм Ижь-ижьыж лъандэрэ и хабзэрэ нэмыскIэ кьахощ Хьэтуей жьлэр. Къуажэр фIы е Iей и лъэныкъуэкIэ цIэрыIуэ хъуныр, дауи, зэлъытар жьлэм кьыдэкIа цIыхухэрщ. Зи цIэр фIыкIэ Iуа жьлэм и щIыхьыр хъумэнри кьалэн гугъущ. АбыкIэ жэуапльныгъэщхуэ ехь къуажэ администрацэм и унафэщIым. Нобэрей гъащIэ мытынщым цIыхухэр кьыпхуэзарэзыуэ зы жьлагъуэ уриунафэщIынырэ Iуэху цIыкIукъым. Ягъэрауэ, унафэщIыр сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэу щытын хуейщ: и хэл-щэнкIэ, и дуней тетыкIэкIэ, и гупсысэкIэкIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ дагъэунэшащ Хьэтуей къуажэ администрацэм и унафэщI Щхьэгуэш Анурбий Лулэ и къуэр.

Анурбий и ныбжькIэ щIалэми, а къулыкъум зэрыпырэр зэманышхуэ дэмыкIами, куэд хуэзфIэкIащ. ЩхьэгуэшыМ и Iуэхур щIыдэкIым и щхьэусыгъуэхэм ящыщу дэтхэнэ цIыхуми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къаэрыхуигъуэтыфыр, сытым дежи нэхъыжьхэр чэнджэщгъэу зэрищIыр. Анурбий лэжьэн зэрыщIидзэрэ кьиIэт дэтхэнэ IуэхумкIи и чэнджэщгъэущ къуажэдэсхэм щIэ ин зыхуащI нэхъыжьыфIхэу Тэрчокьуэ Къэралбийрэ Бищ1о Юрэрэ.

Нэхъыжь и жьлэм едаIуэ, и ныбжьыгъуэхэр щауэгъу зыщIыф, нэхъыщIэхэм щапхъэ яхуэхъу унафэщIщ ЩхьэгуэшыР. Анурбий зыпэрыхьэ сыт хуэдэ Iуэхуэхэри кьыдагъэпсыщIэ хьэрычэтыщIэ щIалэхэу Дзыхьмыщ1хэ Мутрал, Анзор, Заур, Бищ1охэ Русланрэ Ратмиррэ, Быныгъуэт Юрэ, Лъакъуэдыгъуэ Асльэнрэ Хьэзрэйилрэ, Бесчокъуэ ЩIыхьмырзэ, Къуэдзокъуэ Хьэсанэ сымэ. Апхуэдэу Анурбий Iуэхум трегъэгушхуэ Лэскэн район администрацэм и унафэщI Мэкъуауэ Арсен хуэхьажэр и гулъытэ зэрыщимыгъащIэми.

ДэнэкIэ кьыщыIэрыхьэ дэIэпыкъуныгъэри сыт хуэдэ Iэмалри кьегъэсэбэп ЩхьэгуэшыМ, жьлэдэсхэм я гъащIэр, псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ. Зэман кIэщIым кьриубыдэу абы уэрам зыбжанэ зэтес иригъэщIащ, къуажэдэсхэм я пхъэнкIийр дэшыныр тэмэму кьызэригъэпэщащ, уэрамхэр, псыхъуэр, губгъуэр иригъэгъакъэбзащ. ЦIыхур зыгъэпIейтейр, нэхъ зыгъэтхъэусыхэр псыр кьаэремэщIэкIэ Iращи, абы и лъэныкъуэкIи лэжьыгъэшхуэ егъэхъеI. НобэкIэ псы зыIэрымыхьэ кьуажэм дэсхым, ар тэмэму псоми яльэIэсын папщIэ бжьамий километритхум щIигъу зэрихъуэжIащ, гъуанэ хъууэ кьызыпхиуда щIыпIэу 48-рэ иригъэдыжащ. Анурбий кьыгуроIуэ кьуажэм и къэкIуэнур и щIэблэщIэм зэрыпыщIар икIи махуэ щIатIуэ дэкIырхьым еджапIэм, сабий щадым я псэукIэм щыгъуазэ зимыщIу, зэрыхуэзэфIэкIкIэ абыхэм защIимыгъакъуэу.

ПсэукIэ зэпэщ цIыхухэм къахуэзбгъэпэщыным Iуэху куэд пыщIащ, ауэ жьлэм дэсхэм я гъащIэр зэрыхъукIэ къаэрыщигъэпсынщIэным хущIокъуэ ЩхьэгуэшыР. ЦIыху псори зэхуэдэу арэзы пхузщIынукъым. Нэхъыщхьэращи, щхьэхуеущагъэ хэмылъу и къаэнэкэр нэсу зэрыпэфIихыным хущIокъуэ �щхьэгуэшыР. Абы и лъэныкъуэкIи щапхъэ куэд кьыпхуэхьынущ, а псор мы ди тхыгъэ кIэщIым кьыт-хуэзагъэщIагъэ щIыхь зиIэ щIалэгъуалэ зэрыщыпхъэу кьащIэкIынщ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр зыдэлъагъупхъэр Анурбий и адэ-анэ Луэлэрэ Ленэрэу зэрыщытыр. Нэхъыжьми нэхъыщIэми задезыгъэкIуф, хьэл-щэн дахэ зиIэ, гъэсэныгъэ екIу зыхэлъ щIалэр кьэзыльхъуахэм фIыщIэ яхудощ. ПщIэрэ щIыхьрэ зиIэу жьлэм дэс и адэ-анэм яхуэфащэу кьащIэкIащ Анурбий.

Къуажэм дяпэкIэ игъуэтыну зыужьыныгъэхэр идопх унафэщI щIалэм. И пщIэм хэхъуэу, и лэжьыгъэ мытынщым хуиIэ гукъыдэжьыр мыужьыхьу и Iэнатiэм куэдрэ пэрытыну ди гуапэщ, Илъэсыщ1э къэблагъэмэ фIыгъэ, насып, екъуалIэныгъэ кьыхуихьыну дохъуэхъу.

БИЩIО Людмилэ.

Сабийхэм папщIэ тыгъэхэр

●Прохладнэ куей

Илъэсыщ1эм теухуа зэхьыхьэхэр, адрей щIыпIэхэми хуэдэу, Прохладнэ районым щокIуэкI. Уае Далэр псом яп къратхьдэгъащ зи узышагъэм сокьат иIэ сабийхэм. «Илъэсыщ1э тельыдж» театр гъэлъэгъуэныгъэр «Затеи» Iуэхущ1апIэмрэ «Водник» Щэнхабзэ унэмрэ я лэжьакIуэхэм дахэу, щIэныгъэуэ кьыгъэгъэнэщат.

З ЭIУЩIЭМ кьрихьэлIа сабийхэм екъуэхьуащ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI ЛутI Алийрэ щIэныгъэмкIэ управленэм и Iэщ1агъэлI Щубинэ Надеждэрэ. Абыхэм кьыкIэлъыдэкIащ зэрагъэпэща зэхьыхьэр сабийхэм я гур фIымрэ насыпымрэ хуэхъуапсэу, гуныдэж яIэу псэунымкIэ сэбэп зэрыхъунур. Уае Далэр, Уэс Пщашэр, «КIэифет ун», «Iэгъупыкъ» къэфакIуэ гупхэр, «Флэш» щоу-балетыр зыхэта гъэуэгуэр псоми я гум дыхьат. Абыхэм я гъуэгу сабийхэр къэфащ, уэрэдхэр жаIащ, къуажэхьхэр къащIащ. КъищIынэмыщIауэ, Сабий творчествэмкIэ унэм и лъэщапIэхэм ахэр яIащ, Илъэсыщ1э саугъэт зэмылIэужьыгъуэхэр, псей зэрагъэщIращIэ хьэпшыпхэр ящIыфу ирагъэсащ. Прохладнэ куейм и администрацэм кьыбгъэдэкIыу сабийхэм тыгъэхэр хуащIащ.

Прохладнэ районым щыпсэу сабий ныкъуэдыкъуэу 250-м, унагъуэ хуэмыщIахэм еIуу 550-м илъэсыщ1э саугъэтхэмкIэ яхуэупсэнущ.

ЛУПЫРЁВЭ Иринэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкIымыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Иэтэн Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэкъумэ Iуэхущ1апIэхэм я дзлъхьэныжьмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; ерэгъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьанырэ и пщIэ дальщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрипримкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокьуэ Эллэ, редактор ЖъэкIымыхъу Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 3-нэ нап.)*, Иуан Заирэ *(2, 4-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр щIащ* Ныр Саидэрэ Мэлбахьуэ Анжелэрэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатiэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.125●Заказ №292

● Зэпеуэ

ГъэсакIуэхэм я зэфIэкIыр

«Гъэсэныгъэ джыгъэр нэхъыфIу кьызэзыгъэпэщ» цIэр иIэу КъБКъУ-м щекIуэкIа зэпеуэм кьрикIуэкIэр кьапщытэжащ. Мэрем кIуам абы щагъэдьэпIащ зэхьэзэхуэм щытекIуэхэр.

УНИВЕРСИТЕТЫМ и факультетхэмрэ колледжхэмрэ я унафэщIхэм я кьуэдзэхэхэм кьэпщытакIуэхэм я пащхь кьрахащ я еджапIэхэм гъэсэныгъэр зэрыщрагъэжьэжьыр, ар зэрырагъэфакIуэ Iэмалхэр, лэжьыгъэм и пIалъэмкIэ адрейхэм зэрадэгуашэр, гупжьей зэхуэмыдэхэм студентхэр зэщIыхуагъасэхэр, нэгъуэщIхэри.

Щхьэж и лэжьыгъэр нэгъасэу зытеухуа кьизыхьэну хущIэкъуэ егъэджакIуэхэм ящыщу бгъыр финалым кIуаи, абыхэм я нэхъыфIыр кьыхахьи хуейти, а увыпIэр зыльагъэсар КъБКъУ-м Хьыбарегъащ1э технологиехэмрэ экономикэмкIэ и колледжым и унафэщIым и къуэдзэ Абдуллаевэ Светланэщ.

Абы кьыхигъащащ кьыхуагъэфэща пщIэм зэрыщигуфIыкIыр, ар кьыдэлажьэ псоми зэрафыщIэр.

Пашэ хъуамэ кIэух зэпеуэм нэсахэми КъБКъУ-м и щIыхь тхылъ зэмрэ саугъэтхэмрэ яритыжащ икIи ехъуэхъуащ проректор Шыбзыхьэ Азэмэ т.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

150-рэ хэту

КъБР-м щыIэ зиIэ и ухуакIуэ Джэш Руслан и фэепль иджыблагъэ Жэмтхьэлэ Ищнэ къуажэм щекIуэкIащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ республикэпсо зэхьэзэхуэ. Спортсмен ныбжьыщIэу 150-рэ зыхэтахэр турнирым псоми гъэщIэгъуэн ящыхъуа зэфIэкIхэр щигъэлъэгъуащ Налшык и комплексэ сабий-ныбжьыщIэ школым и гуп къыхэхам.

ШКОЛЫМ и гъэсэнхэу Джэджэрэс Амиррэ (кг 32) Баширэ Тембулэтрэ (кг 46) яп ЩIыпIэр, Нэгъуей Ахьмэдрэ (кг 20) Гъурф Елдаррэ (кг 46) етIуанэр кьахьащ. 3-нэ увыпIэр зыхэта гупхэм кьыщахащ Джэджэрэс ШЭмил (кг 32), Кьарэхэ Аланрэ Амиранрэ (кг 28), Гъурф Рустам (кг 42) сымэ. БэнэкIэ Iэмалхэр дахэу кьэзыгъэсэбэпа Кьарэ зэкъуэшхэм, зэхьэзэхуэм еплъахэм я гур нэхъ зыкIэрыпщIауэ кьагъэльэгъуа, гуныым и нэхъыщIэ Гъурф Рустам сымэ саугъэт щхьэжуэхэмкIэ я цIэ ираIуащ. Зэпеуэм хэтахэр ягъэсащ тренер-егъэджакIуэхэу ГъуэплъащIэ Тэхьир, Ульбашев Мурат, Уэрдащэ Заур сымэ.

● Кикбоксинг

Илъэсыщ1эм - текIуэныгъэкIэ

Владимир кьалэм кик боксингымкIэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэм Урысейм и Кубокыр кьыщихьащ Наркъалэ дэт сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и гъэсэн Бецыкъу Ибрэхьым.

ЗИ ХЬЭЛЪАГЪЫР килограмм 63,5-рэ хьхуэм я деж щытекIуа спортсмен ныбжьыщIэм зэкIэлъыкIуэу зэпеуныр иригъэкIуэкIащ икIи дэтхэнэми пашэныгъэр щиубыдащ. Ибрэхьым и хьэрхуэрэгъуэр Москва областым, Ермур тием, Липецк кьалэм щыщхэт.

Фигу кьэдгъэкIыжьынщ БецыкIуэм 2007-2009 гъэ хэм екIуэкIа урысейпсо зэхьэзэхуэхэми я Кубокыр кьыхьащ зэрыхуэзфIэкIар, 2008 гъэм екIуэкIа дунейпсо зэпеуэм и дыщэ медалыр, 2010 гъэм и пэщIэдзэхэм екIуэкIа Европей зэхьэзэхуэм и дыжьын медалыр кьыхуагъэфэщащ зэрыщытыр. Апхуэдэ екъуалIэныгъэфIэр ди республикэм кьыхуэзыхьа Ибрэхьым зыгъаеэр тренер Бецыкъу Зуберщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.